



République d'Haïti

MINISTÈ AGRİKILTİ, RESOUS NATIRÈL  
AK DEVLÒPMAN RIRAL

MINISTÈ ANVIWÒNMAN

**Kominike Nan Tèt ansanm**

Ministè Agrikilti Resous Natirèl ak Devlopman Riral (MARNDR) avèk Ministè Anviwònman pran plezi pou yo fè piblik la an jeneral ak chasè yo espesyalman sonje : nan lide pou yo bay kèk espès kap peple nan peyi Dayiti a bon jan pwoteksyon, yo entèdi lachas jenjon migratè ak jenjon endijèn, kana ak sotrèl, depi nan dat premye (1) Avril rive nan dat 30 Sektanm 2020 epi yo kanpe lachas pentad yo depi premye (1) Me jouk rive 31 Oktòb pou ane sa a menm.

Nap tou pwofite fè yo sonje daprè atik 18, Dekrè 13 Mas 1971 la ki òganize siveyans ak polis lachas la, pyès moun (chasè) pa gen dwa chase, kouri dèyè oubyen kenbe zwazo, tankou : egrèt, espatil, flaman, malfini, grigri, votou (Karanklou), tako, koukou, frize ak kalson wouj.

Ministè Agrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman Riral avèk Ministè Anviwònman konte sou bon konprann tout moun ki konsène pou yo respekte tout kalte dispozisyon ki nan dekrè sa a, pandan nap tou profite mande yo travay avèk nou pou nou pi byen pwoteje tout richès ki reprezante eritaj nou yo.

**Pòtoprens, 23 Mas 2020**

  
Pierre Flaurus Patrix SEVERE  
Minis MARNDR



  
Abner SEPTEMBRE  
Minis Anviwònman

